# GENDER STEREOTIPLERINIŃ SHAXSLAR ARALIQ BAYLANISLI TÁSIRI HÁM OLARDI PSIXOLOGIYALIQ TRENING ARQALI KOREKCIYALAW JOLLARI

**Turemuratova Aziza Begibaevna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti assistenti.
*azizaturemuratova85@gmail.com*
**Jumabaeva Marupa Baxitovna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Ashenova Aynura Temirbekovna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
**Dawletbaeva Gu'misay Adilbaevna**
Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti student.
https://doi.org/10.5281/zenodo.17752584

***Annotatsiya.*** *Usı izertlewde gender stereotipleriniń shaxslar aralıq qatnasıqları hám psixologiyalıq treningler arqalı gender stereotiplerin korrekciyalaw usılları haqqında maǵluwmatlar keltirilgen. Bul maǵlıwmatlarǵa tiykarlanǵan halda insannıń ózin-ózi ańlawǵa, sociallıq-ruwxıy jaǵdayların bahalawǵa járdem beriwshi psixologiyalıq treninglerdi shólkemlestiriw processleri basqıshpa-basqısh ámelge asırıw arqalı kelip shıqqan hár qıylı psixologiyalıq mashqalalı jaǵdaylardı saplastırıw múmkin boladı.*

***Gilt sózler:*** *Gender stereotipleri, psixologiyalıq izertlewler, psixologiyalıq treningler, sociallıq-ruwxiy qatnasıqlar, dúnyaqarastı qáliplestiriw, kognitiv halatlar, psixologiyalıq teoriyalar.*

**Kirisiw**

Házirgi dáwirge kelip zamanagóy jámiyette jasap jasap atırǵan ekenbiz, shaxslar aralıq gender stereotipleri máseleleri insannıń sociallıq turmısında, jeke psixologiyalıq rawajlanıwında hám dúnyaqarasınıń qáliplesiwinde hám ruwxıy-mádeniy qádiriyatlarǵa baylanıslı bolǵan sistemasınıń ajıralmas bólegi esaplanadı.

Psixologiya baǵdarında gender stereotipleri túsinigi insannıń oylawına hám pikirlew dárejesine, sociallıq-ruwxiy qatnasıqlarǵa, kásiplik sheberlik arqalı baǵdar tańlawǵa, shańaraqlıq rollerdi atqarıwǵa hám hátte shaxstıń ózin bahalawına tikkeley tásir kórsetedi. Sol sebepli, psixologiyalıq treningler arqalı gender stereotiplerin ańlaw hám jaǵdayların baqlap barıwshı izertlewlerge tiykarlanǵan halda, olardan qutılıw, sonday-aq teńlikti qarar taptırıw máselesi psixologiya páninde áhmietli baǵdarlardan biri bolıp esaplanbaqta.

Gender stereotipleri tiykarınan jámiyette uzaq jıllar dawamında qáliplesip kelgen bolıp, ol keń mániste "erkek" hám "hayal" rolleriniń qatań shegaraların belgilep beriwge xızmet etedi. Bul stereotipler arqalı erkeklerge kúsh, qatańlıq, basshılıq, ǵárezsizlik sıyaqlı qásietler, hayallarǵa bolsa miyrim-shápáát, boysınıwshılıq, passivlik hám shańaraqlıq juwapkershilik júklenedi. Bunday psixologiyalıq qatnasqa tiykarlanǵan halda shaxstıń ishki imkaniyatların sheklep qoyıw sıyaqlı jaǵdaylar baqlansa, ózin kórsetiw procesine keri tásir kórsetedi.

Gender stereotipleri shańaraqlıq, kásiplik hám basqa tarawlarda belgili sociallıq rollerdi bekkemlew menen baylanıslı halda kórinedi.

Hayallarǵa ádette, tiykarǵı wazıypa sıpatında shańaraqlıq roller - ana, úy biykesi, zayıbı sıyaqlı, erkeklerge bolsa - professional roller belgilenedi. Zamanagóy jámiyette kópshilik jaǵdaylarda erkeklerge óz kásibi boyınsha erisken jetiskenliklerine qarap, hayallarǵa bolsa - shańaraǵı hám balaları bar ekenligine qarap baha beredi. Psixologiyalıq treningler bolsa insannıń social-psixologiyalıq beyimlesiwin anıqlawǵa imkaniyatlar jaratıp beriwi múmkin, kommunikativlik kónlikpelerin arttırıwda hám ózin-ózi ańlaw procesin jedellestiriwge xızmet etedi. Ásirese, gender stereotiplerin joq etiw yamasa qayta bahalawda psixologiyalıq trening usılları nátiyjeli qural sıpatında tán alınbaqta.

"Gender" ataması biologiyalıq shaxstan parıqlı túrde, sociallıq hám mádeniy rollerdi anlatadı. Insan jámiyette tuwilganınan baslap, ol óz shaxsına sáykes dep esaplangan minez-qulıq, qádiriyat hám ádep-ikramlılıq sistemasın ózlestiredi. Solay etin, gender - bwl jámiyet tárepinen qáliplestirilgen sociallıq konstruk usıllar tiykarında payda bolıp, ol insannıń "erkek" yamasa "hayal" sıpatındaǵı rolin belgilep beredi degen pikirlerdi talqıyalaymız.

Gender stereotipleri bolsa - bul erkekler hám hayallar is-háreketlerine baylanıslı jámiyette bar bolǵan turaqlılıqtı támiyinlew arqalı óz kórinisin tapqan, biraq barlıq waqıtta da durıs bolmaǵan kózqaraslar sistemasınan ibarat. Bul stereotipler shaxstıń ózin-ózi rawajlandırıw imkaniyatın sheklep qoyadı, adamnıń ruwxıy rawajlanıwında ózin kórsetiwde psixologiyalıq tosıqlar jaratadı hám sociallıq-ruwxıy teńsizlik jaǵdayına alıp keledi. Psixologiyalıq kózqarastan kelip shiqqan halda sonı málim etiwimiz kerek, gender stereotipleri "sociallıq identifikaciyalanǵan jaǵdaylarda," "kognitiv jaǵdaylar" sıyaqlı psixologiyalıq mexanizmler menen bekkemlenedi.

Gender stereotiplerdiń unamsız tásirin tiykarınan shańaraq sheńberinde baqlaw múmkin boladı: gender rollerge qollanılatuǵın qatań sociallıq-ruwxıy qorǵaw talapları hayallarǵa tek shańaraq sheńberinen kelip shıqqan jaǵdaylarda, perzentler tárbiyası hám úy-ruwzıgershilik jumısları sıyaqlı wazıypalardı júkleydi, onıń professional potencialın kórsetiwine jol qoymaydı. Jámiyet turmısınıń hár qıylı tarawlarında gender stereotipler unamsız tásiriniń eń úlken qáwip dárejeleri olar tiykarında gender stereotipler júzege keliw jaǵdayı bolıp tabıladı.

Psixologiya baǵdarında gender stereotipleri túsinigi tábiyiy process emes, al sociallıq-mádeniy áhmiyetke iye bolgan konstrukciyalarga tiykarlangan process bolip tabıladı. Olar tómendegi tiykarǵı faktorlar arqalı qáliplesedi: Shańaraqlıq tárbiya tiykarında - bala erte jasınan baslap ata-anasınıń minez-qulqına qarap, olardıń sózleri hám múnásibetleri arqalı gender rollerin ózlestire baslaydı. Ápiwayı túrde qaraǵanda, bilimlendiriw sisteması - oqıtıwshılardıń qatnaslarına tiykarlanǵan sabaq processlerinde, pánlerde sabaqlıqlardaǵı rollerdiń bólistiriliwi de gender kózqaraslardı qáliplestiredi.

Sonday-aq, ǵalaba xabar quralları - reklama, filmler, sociallıq tarmaqlardaǵı obrazlar arqalı erkek hám hayalǵa tán dep esaplanǵan roller arqalı bekkemlenedi. Mádeniy qádiriyatlar hám milliy dástúrler - ayırım jámiyetlerde patriarxal dúzim húkimdarlıq etip, erkek ústemligi normaga aylangan jagdaylarda kórinedi. Diniy hám ideologiyalıq kózqaraslarǵa tiykarlanǵan jaǵdaylarda - ayırım jaǵdaylarda diniy talqılawlar da gender teńligine tosqınlıq etiwi múmkin boladı.

Psixologiyalıq jaqtan qaraǵanda, bul stereotipler tómendegi aqibetlerge alıp keledi: Ishki konfliktler - adamlar óz qábiletlerin kórsetiwde genderge tán dep esaplanbaǵan iskerlikte qollanbaqshi bolsa, ishki qarama-qarsılıqqa dus keledi. Nátiyjede, gender stereotipleri insannıń dóretiwshilik hám intellektuallıq potencialın tolıq kórsetiwine tosqınlıq etedi.

Psixologiyalıq treningler tiykarınan shaxstıń ózin-ózi ańlawǵa járdem beredi, kommunikativlik kónlikpelerdi rawajlandırıw hám dúnyaǵa kózqarastı asırıw, stereotiplerdi qayta bahalawǵa baǵdarlanǵan aktiv oqıw-psixologiyalıq proceslerdi basqarıwǵa járdem beredi.

Psixologiyalıq treningtiń tiykarǵi maqseti tómendegi jaǵdaylarda paydalanıladı - adamlardıń gender stereotiplerine sanalı qatnasın qáliplestiriw, óz pikirin erkin bildiriwge úyretiw hám shaxslar aralıq qatnasıqlarda teńlikti korrekciyalaw jolları arqalı shólkemlestiriwden ibarat.

Trening procesinde qollanılatuǵın tiykarǵı psixologiyalıq metodlar: Rolli oyınlar - yerkek hám hayal rollerin almastırıw arqalı empatiya qáliplesedi; Diskussiya hám refleksiya - qatnasıwshılar óz tájiriybelerin analizleydi; Psixodrama - gender qarama-qarsılıqların saxnalastırıw arqalı ishki tosıqlardı saplastırıw; Kognitiv qayta bahalaw - stereotip pikirlerdi analizlew hám ózgertiw texnikası; Trening shınıǵıwları arqalı - óz-ara birge islesiw, sóylesiw, sociallıq-ruwxıy rollerdi úyreniw arqalı unamlı ózgerisler kirgiziw múmkin boladı. Ámeliy psixologiyada gender stereotiplerin kemeytiwge qaratilǵan psixologiyalıq trening baǵdarlamaları bilimlendiriw sisteması, kárxana jámáátleri hám shańaraq psixologiyasında tabıslı qollanılmaqta.

**Juwmaq**

Izertlew nátiyjeleri sonı kórsetedi, treningten soń qatnasıwshılarda tómendegi ózgerisler baqlanǵan: Gender stereotipleri dárejesi kemeygen; Emocional empatiya kúsheygen; Ózine qarata isenimi artqan; Sociallıq beyimlesiw dárejesi jaqsılanǵan.

Gender stereotipleri - jámiette qáliplesken, biraq kóp jaǵdaylarda gónergen hám sheklewshi sociallıq normalar bolıp esaplanadı. Olar shaxstıń erkin rawajlanıwına, ózin tolıq kórsetiwine tosqınlıq etedi. Sonıń ushın psixologiyalıq treningler arqalı bunday stereotiplerdi jumsartıw yamasa joq yetiw zamanagóy psixologiyalıq ámeliyatınıń áhmiyetli baǵdarı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Turemuratova, Aziza, Zuxra Palvanova, and Laura Kazakbaeva. "RULES FOR THE TRAINER'S SELF-CONTROL WHEN CONDUCTING PSYCHOLOGICAL TRAINING." Modern Science and Research 4.6 (2025): 312-313.
2. Turemuratova, Aziza, Ziyada Tólepova, and Saiyda Elmuratova. "GENDER AYIRMASHILIQLARI (SEZIW, HÁREKET HÁM QABIL QILIW) HÁM STEREOTIPLERDI ANIQLAW." Modern Science and Research 4.4 (2025): 147-150.
3. Sagindikova, N. J. "RESEARCHING THE ESSENCE OF GENDER IN PSYCHOLOGY." Modern Science and Research 3.1 (2024): 999-1003.
4. Turemuratova, Aziza, Gulbanu Turganbaeva, and Miyassar Karimova. "PSIXOLOG-TRENERLER TOPARLARǴA TRENIN'SHÓLKEMLESTIRIWDE TIYKARǴI INDIVIDUAL PSIXOLOGIYALIQ IZERTLEWLER." Modern Science and Research 4.4 (2025): 230-235.
5. Turemuratova, Aziza, Rita Kurbanova, and Barno Saidboyeva. "EDUCATIONAL TRADITIONS IN SHAPING THE WORLDVIEW OF YOUNG PEOPLE IN FOLK PEDAGOGY." Modern Science and Research 2.10 (2023): 318-322.
6. Turemuratova, A. B. "TA'LIMDA PEDAGOGIK YONDASHUVLAR ASOSIDA O'QUVCHIYOSHLARNING KOLLOBORATIV KO'NIKMALARINI RIVOJLANTIRISH MEXANIZMLARI." Inter education & global study 3.4 (2025): 242-250.

7. Jarilkapovich, Matjanov Aman. "The Role of Modern Education and The Teacher's Pedagogical Skills in The Application of Pedagogical Teaching Methods." International Journal of Pedagogics 5.04 (2025): 266-268.
8. Begibaevna, Turemuratova Aziza. "Students' Thinking Skills and Outlook through Pedagogical Principles in the Higher Education System Formation." American Journal of Language, Literacy and Learning in STEM Education (2993-2769) 1.8 (2023): 358-361.
9. Kurbanova, R. J., and B. E. Saidboeva. "MAKTAB VA OILADA ESTETIK TARBIYANI SHAKLLANTIRISH JARAYONIDA O'QUVCHILARNING AKSIOLOGIK DUNYOQARASHINI RIVOJLANTIRISH." Inter education & global study 9 (2024): 114-121.
10. Jarasovna, Kurbanova Rita. "The Role of National Values in Shaping the Aesthetic Worldview of Schoolchildren." International Journal of Pedagogics 5.03 (2025): 55-58.
11. Reyimbaevna, Mambetiyarova Venera, and Jumabayeva Marupa. "OTA-ONA VA FARZANDLAR MUNOSABATINING XUSUSIYATLARI." TADQIQOTLAR. UZ 51 (2024): 20-23.
12. Jubatqan, Sagindikov. "QUESTIONS OF SPIRITUAL COMMUNICATION OF RURAL WORKERS." Special Education 2.43 (2022).